

# TEPANG WENGI

Wengi tadi, Kaulanun  
waktos ieu jisim humaroshos  
ngaharéwos ka Salira dina jemplingna peteng,  
aya isin paeunteung-eunteung jeung reueus.  
Isin tos kumawantun sumolondo  
bari rébo ngajingjing mangpirang katuna.  
Ari reueus téa mah tangtos atuh, Kaulanun,  
ieu jisim dipaparin kénéh rohng waktos  
kanggo nepangan Salira, sanaos rumaos  
remen teu sapagodos sareng papagon Salira.

Wengi tadi, Kaulanun  
tos pok deui baé  
ieu jisim  
ngagalindengkeun paménta,  
bari keukeuh teu daék meta.  
Euweuh kaéra, panginten saur Salira téh,  
jangji-jangi ukur jadi papaés biwir  
nu haben dibalur jalir.

Wengi engké, Kaulanun,  
boa mun tiasa ieu jisim nepangan deui.

*Dimuat dina MANGLE No. 2478, 29 Mei - 4 Juni 2014*

# SAMAGAHA

Samagaha, Kaulanun

Ieu jisim katambias

Ngatog dina mongkléngna peteng

Gupuy-gapay

Mapay cahaya Salira

Ukur belis jeung barayana nu rajeg sapanjang jalan

Ragég, nanawarkeun ééndah peuting

nu ririaban dina saban seuseukeut rindat.

Deudeuh teuing Mang Merebot

sorana nu awong-awongan dina munara masigit,

kasilep ku haréwos halon biwir alkohol

nu ambucuy baseuh : pikabitaen.

Hibar salira, Kaulanun, duka nyumput di mana.

Nu ngahiap ukur gupay maksiat, geuning

Pating gurilap tina awak-awak bulucun

nu arandekak dina kongkolak.

Ieu soca, Kaulanun, beuki beueus ku kakeueung.

Lamur.

Teu awas maca lemah tincakeun.

*Dimuat dina MANGLE No. 2478, 29 Mei-4 Juni 2014*

# BALUNGBANG

Balungbang, Kaulanun

beunang ngahaja ngali di sarakan asih nu lami keru,  
kiwari geus ngemplang ku cikahuripan : kahéman Anjeun  
nu canémbrang.

Kumalangkang.

Ringkang raga

Basa lumampah sapanjang katiga rasa.

Basa tresna katideresa mangpirang pangrobéda.

Basa ieu jisim ngidekliheran sakadang belis.

Basa ririwa mulan-malén bumetah na kongkolak otak.

Basa amarah nyangkalak kanyaah.

Basa ceuceub miceun lambaran deudeuh.

Basa kaéra geus teu jadi kelir pikir.

Balungbang nu ngemplang canémbrang, Kaulanun,  
geus nganti ieu jisim

pikeun teuleum dina tingtrim pikir.

Malidkeun kerak-kerak daki

sésa katiga entak-entakan.

*Dimuat dina MANGLE No. 2478, 29 Mei-4 Juni 2014*

# ITUNGAN SAMÉMÉH BALITUNGAN

Itungan

duh, itungan

teuing geus tepi ka mana

teuing kari sakumaha.

Demi rénghap tuluy ngerepan

sedeng réngkak mungkin ngendoran.

Tungtung waktu

ngalangkang na tungtung teuteupan

pamohalan kaudag, sok komo dieureunkeun.

Sajarah

duh, sajarah

hamo bisa dirobah

nu beureum nu hideung

natrat dina catetan nu mo laas

najan ku ngeueum dina sasagara cipanon

atawa lunta ka mana boa

Udagan

duh, udagan

mingkin jauh tina tatapakan

duka iraha boa kahontalna

demi ieu jirim

langlang-lingling leungiteun jisim

teu puguh tangtung teu puguh lantung  
teu pageuh nyepeng tetekon  
Sukur geuning aya kénéh umur  
jang ngawincik kamalir wanci nu ngari  
jang ngaropéa lambaran mangsa nu nyésa  
ngalakonan lalakon nu duka léokna ka mana

Magelang, 7 Maret 2014

*Dimuat dina MANGLE No. 2472, 17-23 April 2014*

# KARÉTA

Sagijleg

Sagijleg

Karéta mungkin jauh

Nganteurkeun pirang raga

Ti erél ka erél

Ti setatsion ka setatsion

Tuluy ngulon

Nyésakeun haseup jeung kalangkang lalakon

Sagerbong

Sagerbong

Karéta lunta

Mawa saniskara carita

Sacatetanna-sacatetanna

Cinta

Dosa

Dunga

Jeung rupa-rupa peta

Pating kelemeng dina peteng lulurung mangsa

Salambar

Salambar

Sajarah narémbongan

Pada maca

Pada medar  
Pada ngaropéa  
Pada nyeungseurikeun  
Pada nyeungceurikan

Sakeclak  
Sakeclak  
Cimata mingkin juuh  
Nilemkeun pirang rasa  
Ti rahuh ka rahuh  
Ti segruk ka segruk  
Tuluy murubut  
Ngarikeun bangbaluh jeung beueus hanjelu

Sagerbong  
Sagerbong  
Karéta ngosong  
Marulang ka setatsion  
Ngabagug luhureun pireuna erél.  
Isukan  
Atawa pagéto  
Karéta rék nganteur saha?

Garut, 7 Maret 2013